


# Предметияб цIаралъул цолъул ва гIемерлъул форма

**6 класс**

ХIадур гьабуна

Авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим

Х1усейнова Пат1иматица





# Малъараб материал такрар гьаби

1. **Щиб жо кколеб Фразеология?**
2. **Кинаб кIиго группаялде гьел рикьулел?**
3. **Жалго жидедаго чIаралин щай гьезда абулеб?**
4. **Кумекалъулин щай абулеб?**
5. **Чан жинсияб класс бугеб предметияб цIаралъул?**
6. **Хасал ва гIаммал цIаразе баян кье. Мисалал раче.**



# Словарияб диктант

РагIаби лъабго хIуби гьабун хъвай.

Щиб? Щив? Щий?

**Эмен, эбел, росу, колхозчи, колхозчIужу, учитель, учительница, яц, вац, гама, бахIарчи, лъар, ракь, гьобол, захIмат, гьудул, ралъад, устар, яцгIал, доярка, къебед.**



# РекIелгъеялъулаб грамматика

**РагIул тIанчIи рахъе:**

**Гьалмагъасухъ –**

**гьалмагъ, магъ, гъал, лагъ, аслу, суал, гъамас, хъал, мал, гьал, хъухъ,ас, сас,**



# ЦӀияб тема

***Предметияб цӀаралъул цолъул ва гӀемерлъул форма***



# ГӀемерлъул форма лъугьинабулел суффиксал руго:

# **-ал, - дул, -би**

# **кӀочонге: хасал цӀаразул гӀемерлъул форма букӀунаро**

Цолъул формаялда цо предмет бихьизабула.

Щив? Щий? Щиб?

Масала: вас, цер, ца

ГӀемерлъул формаялда гӀемерал предметал рихьизарула.

Щал?

Масала: васал, цурдул, цаби



# ГЬАЛ ПРЕДМЕТИЯЛ ЦIАРАЛ ЦОЛЪУЛ ФОРМАЯЛДА ЛЪЕ.

| | | | |
|---|---|---|---|
| МугIрул | гIулби | унтаби | хъулби |
| ГанчIал | ганщал | макьаби | бахIарал |
| ЧIалаби | кутул | ургъалаби | чотIахъаби |
| ХIубал | турщул | пикраби | кочIохъаби |











# ХIалтIи

***Лъимал*** абураб рагIиги, магIнаялде балагьун, кколеб падежалда лъун, предложениял хъвай.

__________ рохьоре унел руго. Гьениб ________ гири-гара бакIарана. Къадеялде ________ корзинкаби цIуна. Свакарал __________ бокьана цIорораб и (ц, цц)ухъ хIухьбахъи гьабизе. Рохьор _________ рихьана расандулел гIанчIал гвангваби.





# Словарияб хIалтIи

Гвангва – белка




гиригара - земляника





# Физминутка

РагIул цолъул форма бугони тIаде рахъе, гIемерлъул форма бугони гIодор чIа.






# Дарсил хIасилал гьари

- Предметияб цIар сунда абулеб?
- ЦIадираби, гьундул, цIороберал, кIулал – кинаб формаялда ругел раг1аби кколел?
- Сали, чакар,даци, дада, эмен – кинаб формаялъул рагIаби кколел?



# Рокъобе хIалтIи

1. Предметияб цIаралъул хIакъалъулъ малъараб материал такрар гьабизе.
2. ХIалт1и № 5 гьум.42

   № 1 гьум.45

   № 2 гьум.45

